

Kesyon Yo Pose Souvan Sou Depatman Edikasyon EO2021-02: Egzampsyon Leta

K. Èske lod ijans sa a vle di ke lekòl mwen a pap gen yon not?

R. Pa nesèsèman. Lod ijans lan bay distri yo fleksibilite. Distri yo ka chwazi not lekòl 2021 oswa pa chwazi yo e chwazi kenbe not lekòl 2019 yo.

K. Èske distri a gen fleksibilite chwazi not pou tout lekòl distri yo?

R. Sèlman lekòl ki teste 90% oswa plis nan elèv ki kalifye ap gen potansyèl pou distri a ranpli yon aplikasyon pou resevwa yon nòt pou lekòl la .

K. Èske desizyon pou chwazi oswa pa chwazi not lekòl yo se yon desizyon pou tout distri a aplike pou tout lekòl oswa yon diferan desizyon ka fèt pou chap lekòl nan distri a?

R. Yon desizyon separe pou chwazi oswa pa chwazi ka fèt pou chap lekòl nan distri a.

K. Si yon Lekòl teste omwen 90% elèv yo, eske yap otomatikman kalifye pou aplike pou yon not pou lekòl la?

R. Distri a ka a apliken pou yon not pou lekòl si li teste ant 90% e 94.5% elèv yo; sepandan, aplikasyon yo ap revise pa eta a pou asire ke elèv ke yo teste yo reprezante popilasyon elèv yo tout entye pou pwoteje entegrite pwosesis la. Aplikasyon pou lekòl ki teste 94.5% oswa plis elèv ap apwouve otomatikman.

K. Kilè distri a ap pran desizyon si li dwe resevwa yon nòt pou chak lekòl?

R. Lòd ijans lan egzije ke tout distri fè nenpòt desizyon pou resevwa yon nòt pot lekòl yo nan 30 jou apre yo bay enfòmasyon evalyasyon eta a. Sa a pèmèt nou fè yon desizyon enfòmè sou opsyon nou.

K. Si Lekòl mwen an pa resevwa yon nòt pou lekòl la, Eske sa vle di ke nou pap kapab resevwa enfòmasyon konsènan pèfòmans lekòl la?

R. Lekòl ki pa resevwa yon nòt pou lekòl la ap toujou gen done lan pibliye sou sit entènèt eta a. Selman diferans lan se pap gen yon notasyon somatif (nòt lekòl la) asosye ak lekòl la.

KONSÈNAN NÒT EIÈV YO :

K. Èske lòd ijans la bay distri a otorite pou aplike fleksibilite idantifye nan lòd ijans lan?

R. Non. Distri a ap evalye elèv yo chak ka pa ka.

K. Èske egzansyon leta a pou twazyèm ane lekti vle di ke tout elèv ap otomatikman monte pouk klas siperyè a?

R. Non. Lòd ijans lan bay distri yo fleksibilite pou renonse evalyasyon eta a pou elèv twazyèm ane yo si gen lot done ki demontre elèv la pèfòm nan yon nivo evalyasyon 2 oswa pi wo. Distri yo enstwi pou devlope plis pèfòmans kritè nan konsiderasyon pou fè detèminasyon, kòm detaye ki nan plan pwogresyon elèv nou yo.

<https://www.manateeschools.net/cms/lib/FL02202357/Centricity/Domain/1115/policy/SDM C StudentProgressionPlan 2020-2021 ENG.pdf>

K. Èske elèv twazyèm ane yo dwe pran Evalyasyon Eta Florid la (FSA)?

R. Wi. Evalyasyon sa a bay anpil enfòmasyon nan nivo pèfòmans elèv yo and se yon pati enpòtan nan pwofil akademik yon elèv. Sepandan, nou konprann ke gen rezon valab ki ka lakòz yon elèv kapab manke FSA a, e nou sèvi ak lot kritè pou detèmine konpetans.

K. Kijan yo pral pran desizyon pou retni yon elèv?

R. Nap swiv plan pwogresyon elèv la.

<https://www.manateeschools.net/cms/lib/FL02202357/Centricity/Domain/1115/policy/SDM C StudentProgressionPlan 2020-2021 ENG.pdf>

Rekòmmandasyon pou retni elèv la pral fèt apre revizyon ak anpil atansyon nan dosye akademik yon elèv (sètadi, nòt kanè, pòtfolyo, nòt evalyasyon), ak opinion nan men paran, elèv, pwofesè, ak lidè lekòl yo.

K. Èske sa vle di ke elèv nan lekòl segondè pa bezwen satisfè kondisyon evalyasyon eta a pou gradyasyon?

R. Non. Genyen plizyè pwen konsènan kritè gradyasyon lekòl segondè .

1. Lòd ijans lan bay distri yo fleksibilite pou bay egzansyon ki nesèsè pou gradyasyon sou yon baz ka pa ka. Egzansyon pap otomatikman aplike pou tout elèv ki panko pase evalyasyon lekti ak matematik.
2. Distri yo dwe kreye pèfòmans kritè pou aplike nan place evalyasyon leta a, ki gen ladan lekòl edepandan ki, (Lekòl Charter), pou evalye elèv nan yon baz ka pa ka.

Q. Eske sa vle di ke evalyasyon EOC leta yo pa obligatwa ankò pou elèv ki enskri nan yon kou EOC (Algeb 1, jewometri, Biyoloji, Civik, Istwa Etazini)?

A. Non. Elèv ki enskri nan yon kou EOC, ki pap gradye nan 2021, ap toujou responsab pou tout evalyasyon leta yo. Lwa Florid 1003.4282
Kondisyon gradyasyon an anile sèlman pou elèv ki gradye nan pretan 2021.

Genyen plizyè enpòtan pwen konsènan nòt final pou kou ak egzamen leta a EOC.

1. Elèv ki enskri nan yon kou EOC ke eta a teste ap dwe toujou pran egzamen EOC eta yo.
2. Sepandan, lòd ijans lan bay distri yo fleksibilite pou detèmine pwomosyon ak nòt final kou yo nan kou ki gen egzamen EOC eta yo sou yon baz ka pa ka ki konsantre sèlman sou pèfòmans elèv lan nan kou a..
3. Apre distri a resevwa rezilta egzamen EOC eta a, nòt final yo nan kou ki gen egzamen EOC eta yo ap rekalkile avèk fòmil lwa eta a egzije. Si nòt final la pi wo lè yo sèvi avèk done egzamen EOC eta a, nòt final la ap ranplase ak nouvo not la ak done EOC eta a. Si nòt final la se menm oswa pi ba, nòt final la pral ajiste.
4. **Anplis de sa, yo konsidere pèfòmans EOC nan plasman pou kou avanse pou lekòl segondè e li se yon kondisyon gradyasyon pou tout elèv ki ka espere gradye nan sezon prentan 2021, dapre plan pwogresyon elèv nou yo.**

K. Eske sa vle di ke tout elèv ki nan douzyèm ane ak otomatikman gradye?

R. Non. Elèv nan douzyèm ane yo ap toujou bezwen pou satisfè tout kritè pou gradyasyon pou yon opsyon diplòm. Ki enkli GPA, lè pou kou credit yo, ak kredi obligatwa nan chak zon. Anplis de sa, elèv douzyèm ane yo ki pa satisfè kondisyon nòt evalyasyon pou gradyasyon dwe kontinye pran tout opsyon evalyasyon yo, tankou ACT ak SAT, pou gen yon nòt ki satisfè kondisyon gradyasyon.

K. Mwen tande ke eta a di ke yap anile nòt lekòl yo? Èske sa vle di ke elèv la pap resevwa nòt nan klas yo?

R. Non. Fleksibilite nan egzansyon an refere a responsabilite evalyasyon eta a pou lekòl yo, pa pou chak elèv. Elèv yo ap toujou resevwa nòt chak trimès ak nòt final nan tout matyè yo.

SOU EVALYASON PWOFESE:

- K. **Èske sa vle di ke pòsyon pèfòmans elèv yo sou evalyasyon pwofesè yo ap elimine pou ane lekòl sa a?**
- R. Non. Lòd ijans eta a bay fleksibilite pou sa distri yo ka itilize kòm mezi pou pèfòmans elèv yo. Eta a te espesyalman mete yon tan 3 zan VMA, yon 2 zan VMA, yon sèl ane VMA, oswa mezi local pou pwogrè elèv. Li pa klè si wi ou non pèfòmans pòsyon elèv nan enalyasyon an ka elimine nèt. Li enpòtan tou pou sonje ke nenpòt ki chanjman ap bezwen apwouve pa yon inite apwobasyon e ka bezwen yon method egzansyon d koseye Lekòl yo.